



Reyinyon Pòt Louvri Better Bus Project (Pwojè Pi Bon Otobis) pou prezante Nouvo Modèl Rezo Otobis

N ap imajine rezo otobis MBTA a yon lòt jan.

Pwojè Pi Bon Otobis MBTA a se yon etap majè nan travay nou pou amelyore sèvis otobis la, ansanm ak tout sistèm la. Vini nan Reyinyon Pòt Louvri nou an, pou aprann tout travay n ap fè nan inisyativ pou amelyore sèvis otobis nan tout sistèm lan. Reyinyon Pòt Louvri a pral genyen ladan tou yon prezantasyon sou Nouvo Modèl Rezo Otobis la, ki se yon inisyativ k ap imajine rezo otobis MBTA a yon lòt jan, ki koresponn avèk bezwen moun k ap deplase nan rejyon an, ak pou pèmèt moun k ap pran otobis kounye a ak nan lavni jwenn pi bon sèvis.

Vin jwenn nou nan Reyinyon Pòt Louvri a, pou aprann kisa Nouvo Modèl Rezo Otobis la pral ye, ansanm ak lòt inisyativ k ap fèt nan sèvis otobis kounye a, ak pou fè konnen sa ou ta vle di.

KI LÈ

Madi 20 mas 2020

Reyinyon Pòt Louvri 5:30 apremidi – 8:00 diswa
Prezantasyon an ap kòmanse depi 6:00 diswa

KI KOTE

Bruce C. Bolling Municipal Building
Lobby
2300 Washington St, Roxbury, MA

mbta.com/betterbus

Better
Bus
Project



Massachusetts Bay
Transportation Authority

Aranjman : Reyinyon Pòt Louvri sa a ap prevwa aranjman pou pèmèt moun ki gen andikap antre, ak pou moun ki pa konn pale angle byen. Aranjman pou antre ak sèvis nan lang yo ap gratis, pou moun ki mande, toutotan sa posib. Nan pami sèvis sa yo, ap genyen dokiman nan fòm altènatif, dokiman ki tradui, aparèy pou ede moun tande, ak entèprèt (tankou Lang avèk Siy nan Etazini). Pou plis enfòmasyon oubyen pou mande aranjman rezonab ak / oswa sèvis nan lang, ou mèt voye yon mesaj elektwonik nan adrès apoggenburg@reginavilla.com oswa rele nan nimewo telefòn 617-357-5772 x26. **Pral genyen entèprèt ki pale panyòl.** **Demann sa yo dwe fèt pi bone ki posib anvan reyinyon an; pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou Lang avèk Siy, CART, oswa lòt kalite tradiksyon oubyen entèpretasyon, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrab anvan dat reyinyon an.**